



Pou Piblikasyon Imedya: 07/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**SÈT ETA NAN SANT IDWOJÈN PWÒP REJYONAL NÒDÈS LA ANONSE
SPIMISYON YON PWOPZISYON 3.62 MILYA DOLA POU DEPATMAN ENÈJI
AMERIKEN AN POU FINANSMAN AK DEZINYASYON KÒM SANT NASYONAL**

*Plis pase yon douzèn pwojè yo pwopoze pou Nòdès la pou fè avanse
pwodiksyon, konsomasyon, ak enfrastrikti pou idwojèn pwòp pou itilize nan sektè
ki difisil pou dekarbonize YO*

*Sipòte objektif klimatik ak enèji pwòp chak eta, enkli redwi emisyon gaz ki lakoz
efè sè ak tranzisyon nan direksyon enèji pwòp nan tout sektè ekonomi an*

Eta New York, New Jersey, Maine, Rhode Island, Connecticut, Vermont ak Commonwealth Massachusetts te anonse jodi a soumisyon pwopozisyon gwoup la pou yon Sant Idwojèn Pwòp Rejyonal Nòdès (Northeast Regional Clean Hydrogen Hub) la bay Depatman Enèji Ameriken (U.S. Department of Energy, US DOE) an pou fè konpetisyon pou yon pòsyon nan 1.25 milya dola nan kad 8 milya dola finansman santral idwojèn federal ki disponib nan kad Lwa sou Envestisman ak Travay nan Enfrastrikti a. Ansanm ak pòsyon federal la, pwopozisyon an reprezante yon investisman 3.62 milya dola e li gen ladann plis pase yon douzèn pwojè atravè sèt eta nan Nòdès la ki fè avanse pwodiksyon, konsomasyon, ak pwojè enfrastrikti pou idwojèn elektwolitik pwòp, pou sektè ki difisil pou dekarbonize yo, tankou transpò ak endistri lou yo, pou site sa yo sèlman. Anons jodi a sipòte objektif klimatik ak enèji pwòp chak eta pou redwi emisyon gaz ki lakoz efè sè ak tranzisyon nan direksyon enèji pwòp nan tout sektè ekonomi an.

"Antanke yon lidè nan aksyon klima ak patnè fondatè Sant Idwojèn Pwòp Rejyonal Nòdès la, Eta New York ap trase chemen an nan etabli yon endistri idwojèn ki konekte ak dirab ki pral pote travay ak devlopman ekonomik nan rejyon an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou pare pou nou travay avèk patnè eta nou yo ak kominote lokal yo pou pwofite finansman federal yo epi asire pwogram sa a benefisye tout rejyon an pandan y ap vin fè pati yon rezo sant idwojèn ki konekte nan tout peyi a epi atenn objektif klimatik anbisye nou yo."

Gouvènè Connecticut la, Ned Lamont, te deklare, "Sa a se yon jou enpòtan pou Sant Idwojèn Pwòp Rejyonal Nòdès la, epi mwen kontan aplikasyon konvenkan nou te soumèt bay US DOE. Patnè piblik-prive yo nan ekosistèm idwojèn nou an se lidè mondyal nan inovasyon biznis, ak lidèchip klimatik. Mwen remèsye yo pou efò kolektif ki

mennen nou rive nan pwen sa a, epi mwen pa ka tann yon desizyon favorab nan men DOE ak travay lokal ki byen peye ak anpil lòt avantaj kominotè li pral lakòz."

Gouvènè Maine lan, Janet Mills, te deklare, "Mwen kontan anpil pou aplikasyon Sant Idwojèn Pwòp Rejyonal Nòdès la bay Depatman Enèji Ameriken an. Administrasyon mwen an pa ka tann pou l kolabore ak patnè piblik ak prive yo pou eksplòre potansyèl idwojèn pwòp pou diminye emisyon ak jenere kwasans ekonomik."

Gouvènè Massachusetts la, Maura Healey, te deklare, "Avèk pwopozisyon sa a, nou gen yon opòtinite inik pou pwofite gwo finansman federal pou kòmanse bati yon mache pou idwojèn pwòp ki pral adrese kèk nan sektè ki pi difisil pou dekarbonize nou yo. Sant Idwojèn Nòdès la pral kreye opòtinite, priyorite ekite, epi pèmèt pwogrè enpòtan anvè kondisyon klimatik anbisyè nou yo. Mwen pa ka tann pou m travay ak kowalisyon enpresyonan ki gen lidè eta a ak patnè yo nan sektè prive yo pou pote kwasans ekonomik ak endistri nan rejyon an."

Gouvènè New Jersey a, Phil Murphy, te deklare, "Soumisyon pwopozisyon ki chanje jwèt sa a make yon etap enpòtan nan direksyon kiltivasyon yon ekonomi enèji pwòp non sèlman nan New Jersey, men atravè rejyon nou an. Menm jan li enpòtan tou, li demontre plis sinèji ant gouvènman federal la ak gouvènman eta yo ki ini pa kwayans yo nan enpòtans aksyon klimatik inovan. Lè nou garanti finansman atravè Lwa sou Envestisman ak Travay nan Enfrastrikti (Infrastructure Investment and Jobs Act) istorik Administrasyon Biden lan, New Jersey ak patnè rejyonal li yo pral avanse pwodiksyon ak konsomasyon idwojèn pwòp, espesyalman nan endistri ki kontribye anpil nan emisyon ak polisyon GHG nan zòn lokal kominote nou yo."

Gouvènè Rhode Island, Dan McKee, te deklare, "Lwa 2021 Rhode Island lan sou Klima fikse yon objektif anbisyè pou reyalize emisyon nèt zewo nan tout ekonomi an disi 2050. Pou fè avni sa a vin yon reyalite, Rhode Island dwe konte sou divès sous enèji pwòp, patikilyèman pou endistri ki difisil pou dekarbonize yo. Nou fyè paske nou se patnè nan efò ant eta sa a pou kreye yon enfrastrikti idwojèn pwòp ki pral ede New England dirije batay kont chanjman klimatik la."

Komisè Depatman Sèvis Piblik Vermont lan, June E. Tierney, te deklare, "Vermont fyè dèske li se yon patnè nan pwopozisyon inovan epi k ap panse pou lavni sa a. Teknoloji Idwojèn fè pati yon apwòch ki gen plizyè aspè pou abòde chanjman klimatik la. Nou pa ka tann pou nou kolabore ak lòt eta yo nan nòdès la nan direksyon yon avni enèji pwòp."

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Soti nan rejyon Lwès New York pase Rochester rive Albany, ak North Country rive Long Island, New York kapab dirije nasyon an nan pwodiksyon enèji idwojèn pwòp epi li gen tout bon engredyan pou dirije premye Sant Idwojèn Pwòp Rejyonal Nòdès la nan peyi a pou alimante avni enèji pwòp Etazini an. Lwa sou Envestisman ak Travay nan Enfrastrikti bilateral nou an gen ladan 9.5 milya dola pou elaji endistri idwojèn pwòp la epi redwi pi plis gaz ki lakòz efè sè yo; Yon sant Idwojèn Pwòp Rejyonal nan Nòdès la ki santre nan New York ta vle di plizyè milye nouvo djòb enèji pwòp ki byen peye nan kominote ki pi bezwen li, soti nan Maine

rive nan New Jersey epi ak New York nan kè li. Mendèw santral New York la, enstitisyon rechèch ki pi wo yo, ak aksè fasil ak yon seri divès resous enèji renouvlab ki kapab alimente pwodiksyon idwojèn vèt, fè li yon fason inik pou ranfòse efò nou yo pou vin yon lidè mondyal nan pwodiksyon idwojèn pwòp. Idwojèn pwòp, vèt, gen potansyèl pou mennen batay nou an kont chanjman klimatik la, epi ou ka gen asirans mwen pral mete tout pwa mwen nan balans lan kòm lidè majorite a pou elve pwojè sa a pou Depatman Enèji a, epi asire li sèvi tout kominote New York yo."

Reprezantan Brian Higgins te deklare, "Kreye yon avni dirab vle di investi nan resous pou ede kominote nou yo tranzisyon pou kite konbistib fosil yo. Finansman sant idwojèn federal, ki enkli nan Lwa sou Envestisman ak Travay nan Enfrastrikti a, reprezante yon envestisman alontèm ki pral kreye travay, ranfòse devlopman ekonomik, epi fasilite dekarbonizasyon. Nou ankouraje Depatman Enèji Ameriken an pou li pwofite potansyèl Rejyon Lwès New York la ak tout kominote ki nan Sant Idwojèn Pwòp Rejyonal Nòdès la nan sipòte pwopozisyon diy sa a."

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Idwojèn pwòp pral jwe yon wòl enpòtan nan devlope avni enèji pwòp nou an, patikilyèman nan ekolojik sektè ki difisil pou dekarbonize kèk sektè tankou transpò piblik lou yo. Mwen te travay di pou avanse dispozisyon enèji pwòp nan kad Lwa sou Envestisman ak Travay nan Enfrastrikti nou an epi mwen kontan wè rejyon nou an ap pwofite opòtinite finansman enpòtan sa a. Apre soumisyon sa a, mwen espere kontinye fè presyon pou aksyon federal ki ekipe eta nou an ak nasyon nou an pou yo vin lidè nan tranzisyon enèji pwòp la."

Reprezantan Hakeem Jeffries te deklare, "Nan kad lidèchip Prezidan Biden, Demokrat Chanm yo ak Gouvènè Hochul, Lwa sou Envestisman ak Travay nan Enfrastrikti a ap bay yon chanjman reyèl epi ki pote transfòmasyon nan New York. Pandan n ap kontinye konfwonte kriz klimatik la, mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou travay li fè pou asire ke New York kapab yon sant enèji pwòp pou nasyon an. Mwen espere travay ak patnè federal ak eta a pou investi nan ekonomi enèji pwòp nou an pou diminye depans, kreye travay ki byen peye epi elaji opòtinite ekonomik nan chak kòd postal."

Reprezantan Joe Morelle te deklare, "New York depi lontan se yon lidè nan batay kont kriz klimatik la. Avanse wòl nou kòm yon sant idwojèn rejyonal se yon pati enpòtan non sèlman nan ranvèsè efè chanjman klimatik yo, men tou pou devlope ekonomi enèji pwòp nou an. Mwen fyè pou m sipòte efò sa yo epi mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou sipò ak lidèchip kontinyèl pandan n ap travay pou investi nan yon avni ki pi dirab."

Reprezantan Ritchie Torres, te deklare, "Estrateji New York pou abòde kriz klimatik la ap dirije nasyon an nan diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak tranzisyon nan yon ekonomi enèji pwòp atravè tout sektè yo nan yon fason ki kreye travay ki byen peye epi ki sipòte kominote ki defavorize yo. Men, gen pouwa an chif yo - epi li difisil pou inyore ke yon rejyon an antye nan peyi a te reyini ansanm nan kad yon efò kowòdone, ant plizyè eta pou eseye ak garanti envestisman federal enpòtan yo vin tounen yon sant nasyonal pou idwojèn pwòp. Mwen rekonesan anvè tout moun ki enplike nan efò sa a

pou soumèt yon pwopozisyon konpetitif, ki panse pou lavni bay Depatman Enèji Ameriken an - yon pwopozisyon ki pral avanse objektif kolektif enèji pwòp reyon nou an epi sipòte plis pase yon douzèn pwòjè nan sektè ki difisil pou dekarbonize yo."

Reprezantan Nick Langworthy te deklare, "Nan kad yon estrateji enèji global, mwen kontan rejwenn Gouvènè Hochul nan sipòte efò eta a pou pote finansman enfrastruktir sa a nan New York. New York gen yon kapasite inik pou sipòte yon pòtfèy enèji divèsifye epi ajoute yon sant idwojèn ke plizyè konpayi Lwès New York ak Southern Tier pral fè patenarya epi ki pral yon avantaj pou reyon nou an."

Manm Asanble Brandon Williams, te deklare, "Kòm Prezidan Soukomite Enèji Chanm lan, mwen pa ka tann pou m oryante finansman rechèch DOE a nan direksyon rechèch idwojèn ak lòt efò enpòtan pou sekirize avni enèji nou an."

Pwopozisyon an pral revize pa Depatman Enèji Ameriken an ak pwopozisyon yo akòde yo ke yo pral deziyen kòm youn nan sant idwojèn pwòp reyon nan nasyon an. Yo prevwa ke prim yo pral anonse nan sezon otòn 2023.

Depi lansman Sant Idwojèn Pwòp Rejon Nòdès (NE Hub) la nan mwa mas 2022 a, sis eta ak plis pase 100 patnè te siyen yon memorandòm konpreyansyon (Memorandum of Understanding, MOU) ki rejwenn Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) pou kolabore nan devlope pwopozisyon yo soumèt la. Patenarya NE Hub la - ki pran angajman pou demontre ak pwofite opòtinite ekonomik ak dekarbonizasyon idwojèn pwòp yo prezante - okòmansman te gen Eta New York, Connecticut, New Jersey, Commonwealth Massachusetts, ak 40 patnè ki aktif nan devlopman ak deplwaman idwojèn pwòp kòm yon eleman enpòtan nan tranzisyon enèji ki pi laj la. Patenarya a te elaji nan mwa out 2022 pou l enkli eta Rhode Island, Maine, ak plis pase 25 patnè ekosistèm idwojèn anplis. Nan mwa fevriye 2023, patenarya a te vin grandi pou gen plis pase 100 patnè, ak Vermont ki te rantre tou.

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare, "Pwopozisyon Sant Idwojèn Pwòp Rejon Nòdès la Pwoteje bay Depatman Enèji a se rezilta plis pase yon ane travay kolaborasyon ant New York, sis patnè eta nou yo, ak plis pase 100 patnè ekosistèm idwojèn yo. Nou fyè dèske nou te jwe yon wòl enpòtan nan bati ekip patnè solid ak divèsifye sa a e nou kontan travay ansanm pou konstwi yon ekosistèm idwojèn ki sipòte pwodiksyon ak itilizasyon nouvo resous sa a ak deplwaman potansyèl li pou defi pou dekarbonize sektè yo nan kad yon tranzisyon enèji pwòp jis ak ekita."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Otorite Enèji New York la, Justin E. Driscoll, te deklare, "Finansman IRA a ta siyifikativman redwi pri pou pwodui idwojèn yo nan New York, sa ki pèmèt Sant Idwojèn Pwòp Rejon Nòdès la akselere anpil deplwaman idwojèn vèt nan tout reyon an. New York pral elaji ekonomi enèji pwòp li k ap grandi byen vit la—aji kòm yon modèl pou rès peyi a—nan diminye anprent kabòn li epi kreye plis djòb vèt."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Nou fyè dèske nou fè pati pwopozisyon ant plizyè eta sa a pou yon Sant Idwojèn Pwòp Rejyonal Nòdès, youn ki pral alimante objektif klimatik anbisye Eta New York yo epi ranfòse ekonomi vèt nou an. Pwopozisyon sa a reprezante patenarya ak pwogrè pandan n ap travay ansanm pou kreye yon ekosistèm enèji pwòp ki pral kreye travay ak opòtinite tou pou Nouyòkè yo."

Adam Zurofsky, Direktè Pwovizwa Sant Idwojèn Pwòp Rejyonal Nòdès la, te deklare, "Sant Idwojèn Pwòp Rejyonal Nòdès la te inisye pou eksplòre ak pwofite opòtinite pwòp idwojèn yo prezante pou avanse priyorite enpòtan tankou dekarbonizasyon, devlopman ekonomik, ak jistis anviwònmanal. Pwopozisyon jodi a reflekte kapasite rejyon nou an pou kolabore pou konstwi yon ekosistèm idwojèn ki ka reyalize opòtinite sa yo epi demontre benefis idwojèn pwòp odela fwontyè nou yo. Nou rekonesan pou opòtinite pou nou patisipe nan pwogram federal revolisyonè sa a epi nou pa ka tann pou nou fè vizyon Sant Idwojèn Pwòp Rejyonal Nòdès la vin yon realite."

Estrateji ant plizyè eta ki kowòdone sa a fèt pou kreye yon ekosistèm ki konekte pwodiksyon idwojèn yo ak itilizatè yo ak ekspè sekirite ki asosye yo, fabrikasyon ekipman orijinal teknoloji (OEMs), ak kominote rechèch ak devlopman, òganizasyon mendèv yo, ak reprezantan travayè yo, nan objektif kolektif pou avanse pwojè idwojèn pwòp pou enkli nan pwopozisyon ki konstan avèk prinsip gid sa yo:

- Priyorite pwodiksyon idwojèn elektwolitik pwòp - ki se idwojèn ki fèt san yo pa kreye emisyon gaz ki lakòz efè sè lè yo sèvi avèk elektrisite pwòp ak dlo;
- Itilizasyon idwojèn pwòp kòm konpleman efò elèktrifikasyon lè li konsantre sou sektè ekonomi an ki difisil pou elektrifye;
- Konsantrasyon enpòtan sou angajman kominote, sekirite, klima, jistis anviwònmanal, divèsite, ekite, enklizyon ak aksesibilite;
- Reyalize opòtinite inik pou ogmante mendèv enèji pwòp la, konsantre non sèlman sou edike ak fòme nouvo travayè ki pa reprezante ase, epi ki deplase, men tou pwofite travayè espesyalize ak kalifye ki egziste deja yo pou jwe yon wòl enpòtan nan bati enfrastruktir ki nesès pou yon ekosistèm idwojèn pwòp dirab kòm yon pati nan tranzisyon enèji pwòp la;
- Pwofite - ak grandi- ekosistèm inovasyon ki rich la nan Nòdès nan gran echèl; epi
- Kolaborasyon sou inisyativ politik enpòtan ak ankourajman yo.

Dapre prensip gid sa yo, pwojè NE Hub yo gen ladan pwodiksyon idwojèn elektwolitik pwòp pou itilize nan transpò, tèmik endistriyel nan tanperati elve, ak sèvis piblik kominal pou chofaj ke yo chak reprezante sektè ki difisil pou dekarbonize. Yo pwopoze pou enplante pwojè ki enkli nan pwopozisyon an pou fòme yon sant rejyonal pwojè entegre yo atravè eta ki kolektivman pwodui ak itilize idwojèn pwòp, avanse yon vizyon ki pèmèt yon endistri idwojèn pwòp dirab alontèm nan rejyon nòdès la, epi etabli koneksyon estratejik nan lòt sant idwojèn pwòp yo.

Si Depatman Enèji chwazi yo pou yon prim, pwojè ki nan NE Hub la pral konplete yon seri kat faz solid nan devlopman pandan 10-12 ane, epi chak faz ki vin apre yo oblije fini etap enpòtan yo anvan pwojè yo avanse nan pwosesis la, ki gen ladan done teknik ak analiz, angajman ak enpak kominotè, enjenyeri, pèmi ak sekirite, devlopman ak jesyon biznis, akizisyon, ak konstriksyon ak operasyon.

Si yo chwazi yo, jesyon ak sipèvizyon efò sa a atravè sèt eta yo pral akonpli gras ak kowòdinasyon sere ak kolaborasyon ant Depatman Enèji Ameriken an, NYSERDA kòm premye benefisyè a, patnè eta yo, ak patnè pwojè sou-benefisyè yo ki pral òganizasyon ki ap aplike travay yo nan kominote yo atravè rejyon an.

Pandan ke Depatman Enèji Ameriken an konplete pwosesis revizyon aplikasyon an, lis konplè pwojè, lokal yo ak òganizasyon ki enkli nan pwopozisyon NE Hub la p ap piblik.

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York ki Alatèt Peyi a

Ajanda klimatik Eta New York la k ap mennen nan nasyon an fè apèl ak yon tranzisyon ki kòrèk epi ki jis ki kreye travay ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ak enèji pwòp ki pi agresif nan nasyon an, New York se sou yon chemen pou reyalize yon sektè elektisite zewo emisyon disi 2040, ki gen ladan pwodisyon enèji renouvlab 70 pousan an 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an nan mitan syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.8 milya dola nan angajman NY Green Bank yo.

Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 165,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2021 ak yon kwasans 2,100 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon yo vann nan Eta a gen zewo emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè avanse aksyon klimatik New York la avèk prèske 400 Kominote Entelijan pou Klima ki anrejistre ak 100 sètifye, prèske 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo kominote inisyativ siveyans lè kominotè Eta a nan 10 kominote defavorize atravè eta a pou ede sible entèvansyon kont polisyon lè a ak konbat chanjman klimatik la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)